



ANONS POU PÒS DISPONIB

Referans entèn :	PIGraN-OE2015-001	Dat piblikasyon an :	2015-08-15
Tit pòs la :	Gadyen Site a	Dat final :	2015-09-02
Kantite pòs disponib :	1	Date travay la ap kòmanse:	1 ^{re} novanm 2015
Kategori :	Administrasyon	Kondisyon :	Tan plen, sou kontra
Enstitisyon :	PIGraN/GRAHN-Monn	Kote travay la ye :	Cité du savoir , Jenipaye- Milo, Ayiti
Ki kalite òganizasyon :	Devlopman	Salè :	Pou diskite

Enstitisyon

Pòl Inovasyon Gran Nò a (PIGraN) se yon pwojè devlopman ekonomik pou Gran Nò Ayiti a. **La Cité du savoir**, ki se kè PIGraN, pral devlope sou yon teren ki mezire 28 ekta, epi li ap genyen plis pase kenz edifis, ki ap divize an 4 sektè : sektè inivèsité, sektè eskolè, sektè sèvis epi sektè agrikilti. Nan sektè inivèsité **Cité du savoir** ap genyen kanpis prensipal Enstiti syans, teknoloji, ak etid avanse Ayiti a ([ISTEAH](#), an franse).

Yon apèsi sou travay la

Kandida pou pòs la ap sou sipèvizyon Vis-prezidan prensipal GRAHN-Monn oubyen sou sipèvizyon yon reprezantan li. Travay moun sa a, se va kontwòle tout espas la anvan epi pandan travay konstriksyon **Cité du savoir**, kote li pral siveye, mete sekirite epi aji kòm jeran responsab. Li dwe rete vijilan pou okenn moun, sou kèlkeswa pretèks la, sòf sila yo ki gen dwa, pa vin tabli sou teren an san pèmisyon espesyal Vis-prezidan GRAHN-Monn lan oubyen yon reprezantan li. Li dwe, an menm tan, fè tout travay Vis-prezidan GRAHN-Monn lan oubyen reprezantan li an ba li fè.

Pi piti ekzijans yo

- Genyen, pou pi piti, yon sètifika ^{yèm} ane fondamantal;
- Genyen kay rezidansyèl ou nan komin Milo, preferabman nan Jenipaye;
- Konnen rejyon an trè-trè byen ;
- Mete vijijans pou siveye epi pwoteje tout sa **Cité du savoir** la genyen (tè, kay) ki nan Jenipaye;
- Bon jan onètete pwofesyonèl, epi konpetans san parèy nan kenbe sekre ;
- Bon jan abilitè pèsonèl ansanm ak nan relasyon avèk lòt moun;
- Bon jan kapasite pou travay an ekip, pou pran desizyon , epi bon jan lidèchip;
- Yon sitwayen onèt, tout moun konnen epi respekte epi ki demontre lidèchip.

Pou fè yon aplikasyon

Moun ki enterese yo dwe voye kandidati yo (korikoulòm-vite, kopi diplòm yo, sètifika yo genyen avèk yon lèt motivasyon) sou referans « PIGraN-OE2015-001 » nan adrès kouryèl sa a : info@isteah.ht

SE MOUN NOU KENBE NON YO POU ANTREVE A NOU AP RELE.